

Babalwa nemakudo matatu



**Nyaya yakatorwa kubva
muMapere Matatu
yaW.W Denslow**



Million word gap project

Children whose parents read to them have heard 30 million more words before they start school. Help your children prepare for school.

The Hope-Hear Million word gap project by
Hope-Hear NPC, 2024 / 064699 / 08
is licensed under a Creative Commons Attribution -
Non-Commercial 3.0 Unported License

www.hope-hear.org
#HOPE-learn

Illustrated by
Robyn van Zijl



Translated by
Elsa Tariro Wadi

Kare kare pasi pasati parohwa nenyundo
kwaive nekamusikana kaigara munyasi
megomo nambuya vake “Gogo.

Pedyo nemba yavo paive ne sango raive
rizere nemitu nembesa dzakanaka chose.



Babalwa aive musikana akachenjera ane
ushingi zvekare achinyemwerera
zvinoyevedza uye Vanhu vose vaifarira
kunzwa achiseka. Aive zvekare mwana
akanaka ane moyo munyoro.

Gogo vainge vachembera kwazvo zvekuti kunzwa nekuona kwainge kwaakuvanetsa.

Babalwa aimuka mangwanani oga oga, owaridza mubhedha wake obva abika bota rake naGogo. Apedza chikoro aiita dzidzo dzekumba otsvaira mumba. Gogo vainzwa manyukunyuku nekuda kwekugara nemuzukuru wavo Babalwa.



Sezvo kwaisava nevamwe vana munharaunda mavo, kupera kwevhiki kwoga kwoga Babalwa aitamba nemhuka dzesango.

Mhara dzaidyira mumaoko ake uye shiri dzaitevera izwi rake raiyevedza chose. Zvaiita sekunge aiziva mutauro wemhuka.

Babalwa ainge asina kumbobvira apinda mukati-kati mesango, asi rimwe zuva akarasika achitsvaga huni. Akaona kamwe kamukuku kaive kakavakirwa pamabwe makuru mugomo.



Chikwangwani chemapuranga chaive
parutivi pemukova waive wakavhurika
zvishoma chakaita azive vagari vemo.




Chaive chakanyorwa kuti “Baba Gudo, Mai
Gudo na Rushiye” Babalwa akafunga
kusangana nemhuri iyi ndokugogodza
pamukova. Hapana akadavira. Naizvozvo,
akavhura mukova zvinyoro nyoro
ndokudongorera mukati.

Imba yaive nehuyanga iyi! Babalwa akaona zipoto zihombe ritema raive pachitofu raikwata.

Paakafamba kuti anodzima chitofu chiye, akaona mandiro matatu ebota aive patafura

“Ndiro hombe ndeyaBaba Gudo, yapakati ndeyaMai Gudo, idiki ndeyaRushiye” akadaro Babalwa achinyemwerera.




Babalwa akafunga kutsvaira mumba umu
akamirira kudzoka kwemakudo aya.
Apedza, mudumbu make makatanga
kurira nenzara. “Anofanirwa ave masikati
manje” Babalwa akafunga
nechemumoyo, “apa handina chandadya
zuva rese.”






Aive nechivimbo chekuti makudo
aisazoita basa nazvo kana akadya
tubota twushoma. Akadya chipunu
chebota ra Baba Gudo, “rikupisisa”
akadaro. Akabva araidza raMai Gudo,
“rikutonhoresa” akafungira mumoyo.
Akabva araidza bota raRushiye, “mmm
iri ndiro rangu chairo iri,” ndokubva
akmbura rose ndokupedza.

Akafunga kugara pasi akamirira mhuri iyi.
Pakutanga akagara muchigaro chaBaba
Gudo, “chakaomarara,” akadaro. Akabva
agara muchigaro chaMai Gudo,
“chakapfavisa,” akagunun’una.
Pakupedzisira akagara muchigaro
chaRushiye akanzwa chakakodzera.



Nguva yakafmba makudo aya asti adzoka.
Babalwa akadongorera panze ndokuona
kuti kwaingwe kwasvibisa kuti adzokere
kumba kwavo.

Akafunga kuvata mune umwe wemibhedha yemakudo aya. Akatanga nemubhedha waBaba Gudo: “wakakurisa” akafunga.



Akazama waRushiye: “mudikisa” akafunga zvakare. Pakupedzisira akakwira pamubhedha waMai Gudo ndokugonya ndokukotsira ipapo ipapo.



Makudo akavhunduka kwazvo paakaona Babalwa akagonya mumubhedha waMai Gudo, asi vakafara nekutenda kuti imba yavo yainge yakachena chose. Vakamumutsa ndokumumbundira zvikuru. Vakaridza mumhanzi vakatamba husiku hwese.



Mangwanani anotevera, Babalwa akafamba zvishoma-shoma kuenda kumba kwaGogo, ndokunyemwerera achiziva kuti hapana aizobvuma nyaya yake inoshamisa iyi paaizonoivaudza mangwanani eMuvhuro kuchikoro.

